# am na benn waay bu doon lebal nit ñi, daan wax ndawam la naan ko: boo demee ci ku am jafe-jafe nanga ko jéggal, amaana Yàlla jéggal nu

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónent Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «am na benn waay bu doon lebal nit ñi, daan wax ndawam la naan ko: boo demee ci ku am jafe-jafe nanga ko jéggal, amaana Yàlla jéggal nu, mu dajeek Yàlla mu jéggal ko».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónent bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne: benn waay da doon jëflànte ak nit ñi ci leb-lante, walla mu leen di jaay ba jëmmi-jamono ñu door koo fay, Mu daan wax ndawam la daan fayyeeku ji bor ya ca nit ña: Boo demee ci ku ame bor te amul lu mu faye ngir néew doole «nanga ko jéggal», benn ci neggandiku ko te bañ koo taxawu ci di ko laaj, Walla ci jël li mu am donte sax matul, loolu nag ngir li mu bëgg ak xemmeem ci Yàlla jéggal ko daal di koy baal. Ba mu faatoo Yàlla baal ko jéggal ko ay ñaawtéefam,

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3753

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee